



ESTANDA POU PWOGRAM ANSÈYMAN FLORIDA BENCHMARKS FOR EXCELLENT STUDENT THINKING (B.E.S.T.)

*Gid pou Paran ki Genyen Pitit yo nan Klas Senkyèm
Ane nan Anglè*

PREPARE TIMOUN FLORID POU FÈ SIKSÈ ALAVNI

Estanda B.E.S.T. pou Anglè (ELA) se estanda literalman pou elèv Florid ki pral fòme e fè eta Florid la vin eta ki pi alfabetize nan nasyon an. Estanda B.E.S.T. kreye mwayen pou elèv Florid yo resevwa yon edikasyon deklas nan mond nan e prepare yo pou fè siksè alavni.

Lidè edikasyon nan eta Florid la amelyore estanda kontni akademik, kreye nouvo atant pou sa elèv bezwen konnen e sa yo kapab fè. Referans sa yo se objektif ke yo espere pou elèv acheve alafen ane eskolè a. Yo dezinye estanda B.E.S.T. la pou asire ke TOUT elèv atenn pi gwo nivo potansyèl yo kapab rive.

Prepare pitit ou a pou fè siksè nan kòmansman Kendègaten e kontinye toutotan li ap avanse nan chak klas. Gid sa a pral sipòte paran e fanmi ki genyen pitit nan klas senkyèm ane pou ede yo:

ESTANDA SA YO KONSANTRE SOU:

- Enstriksyon fonik sistematik e eksplisit
- Konpetans sou panse kritik
- Yon panse pwofon pou literati nan peryòd istorik
- Konesans pou konstwi tèks atravè bon jan enfòmasyon

APRANN

Sou Estanda B.E.S.T. e poukisa yo enpòtan pou pitit ou.

PALE

Avèk pwofesè pitit ou sou kisa yo pral aprann nan klas.

LOKALIZE

Aktivite e resous pou sipòte enstriksyon pitit ou lakay nan fason pratik.

KONPRANN

Mo edikatif enpòtan (akademik) ou pral wè nan nivo klas li.

APRANN SOU ESTANDA KLAS SENKYÈM ANE

PITIT OU PRAL EKSPLORE MOND LAN ATRAVÈ TÈKS PA MWAYEN:

- Itilize e aplike aplike konesans fonik sou nivo klas e konpetans sou analiz mo pou li e ekri mo ki gen yon silab e sa ki gen milti silab.
- Falisilman li tèks ki nan nivo klas.
- Demonstre konpetans pou ekri kisiv lejib avèk fasilite.
- Ekri yon narasyon pèsònèl e fiktif, ekri pou konstwi yon reklamasyon e ekri tèks ekspozitwa ki swiv règleman estanda gramè Anglè, ponksyasyon, kapitalizasyon e òtograf.
- Amelyore ekriti kote ou kapab planifye, resite, e edite, avèk gid e sipò adilt.

NAN LEKTI E EKRTI, PITIT OU PRAL KAPAB POU LI:

- Rezime yon tèks pou amelyore konpreyansyon.
- Eksplike kijan detay pètinan sipòte ide santral.
- Eksplike kijan karakteristik tèks kontribye nan siyifikasyon tèks la.
- Analize kijan anviwònman, evènman, konfli e karakterizasyon kontribye nan detèminasyon yon tèks literè.
- Figire siyifikasyon mo enkoni, itilize endis sou kontèks, langaj figuratif, relasyon mo, materyèl referans epi/oswa konesans kontèks.
- Kondui resèch pou reponn kesyon, òganize enfòmasyon sou sijè nan milti tèks e sous valid.



LOKALIZE AKTIVITE E RESOUS

AKTIVITE ÒDINÈ POU SIPÒTE ENSTRIKSYON:

- ✓ Koute lè pitit ou ap li epi reli yon tèks nan nivo lekti li pou konstwi otomatisite.
- ✓ Fè lekti awotwva pou pitit ou pou 20 minit chak jou.
- ✓ Sèvi yon wòl modèl. Si pitit ou wè ou ap li li pral wè enpòtans lekti.
- ✓ Vizite bibliyotèk biblik lokal ou detanzantan. Kite li wè sa ou chwazi, pran liv pou ale lakay e byen li liv ou. Ankouraje pitit ou pou li e pran liv pou ale lakay.
- ✓ Fè pitit ou fè rechèch sou enfòmasyon sou yon sijè. Ankouraje yo pou chèche liv ki baze sou sijè ki enterese yo e ke yo ta renmen vin yon ekspè ladan yo. Pale sou kisa k ap pase nan tèks la. Fè yo ekri sou kisa yo te aprann
- ✓ Fè pitit ou a angaje nan ekriti ki gen rapò ak mond reyèl. Ekri yon lèt pou yon manb fanmi, ekri yon ti istwa kout oswa fè yo mentni yon journal.
- ✓ Ankouraje pitit ou bay detay sou repons li ba ou pandan konvèsasyon nou. Poze li kesyon sou kisa li wè e ki eksperyans li fè. Asire ke li reponn kesyon ou poze yo avèk fraz konplè (se pa sèlman yon wi/non).

LIS LIV YO SIJERE POU KLAS SYNKYÈM ANE



I, Too pa Langston Hughes

Call Me Maria pa Judith Ortiz Cofer

From the Mixed-Up Files of

Mrs. Basil E. Frankweiler pa E. L. Konigsburg

Shh! We're Writing the Constitution pa Jean Fritz

If pa Rudyard Kipling

Chasing Vermeer pa Blue Balliett

Hidden Figures pa Margot Shetterly (Young Reader Edition)

The Trail of Tears pa Joseph Bruchac

Paul Revere's Ride pa Henry Wadsworth Longfellow

City of Ember pa Jeanne DuPrau

Hurricanes: Earth's Mightiest Storms by Patricia Lauber

The Watsons Go to Birmingham pa Christopher Paul Curtis

The Road Not Taken pa Robert Frost

Farewell to Manzanar pa Jeanne Wakatsuki and James D. Houston

I am Malala pa Malala Yousafzai

They Called Her Molly Pitcher pa Anne Rockwell

Abuelita's Heart pa Amy Cordova

Five Children and It pa E. Nesbit

Island of the Blue Dolphins pa Scott O'Dell

Thurgood Marshall and the Supreme Court pa Deborah Kent

Anne of Green Gables pa L.M. Montgomery

Call it Courage pa Armstrong Sperry

My Librarian is a Camel: How Books Are Brought to Children Around the World pa Margriet Ruurs

Volcano: Eruption and Healing of Mount St. Helens pa Patricia Lauber

Written in Bone: Buried Lives of Jamestown and Colonial Maryland pa Sally Walker

We the People: The Constitution of the United State of America pa Peter Spier

OPSYON POU PLIS LEKTI

Black Beauty
pa Anna Sewell

Heidi
pa Johanna Spyri

The Secret Garden
pa Frances Hodgson Burnett

The Velveteen Rabbit
pa Margery Williams Bianco

The Black Stallion
pa Walter Farley

The Wind in the Willows
pa Kenneth Grahame

The Legend of Sleepy Hollow
pa Washington Irving

Anne of Green Gables
pa Lucy Maud Montgomery

Treasure Island
pa Robert Louis Stevenson

Ralph S. Mouse
pa Beverly Cleary

Mary Poppins
pa P.L. Travers

Charlie and the Chocolate Factory
pa Roald Dahl



PALE AVÈK PWOSESÈ PITIT OU A

Sonje, se ou ki premye pwofesè pitit ou a. Panse ke se yon konferans ki kòm yon “reyinyon ekip” ke ou pral dekouvri kontribisyon espesyal nou chak kapab pote pou rann klas premye ane yon siksè. Men kèk kesyon ou ta kapab poze pou kòmanse yon diskisyon

Nan domèn alfabetizasyon, ki kote pitit mwen an pi fò, kijan yo kapab sipòte pandan enstriksyon?

Ki konpetans alfabetizasyon pitit mwen ta kapab metrize nan pwen sa a? Eske l metrize yo? Eske m ka wè yon egzanp sou yon tach nan lekti e ekriti ke pitit mwen ap travay sou li?

Ki sijè ki gen koneksyon avèk syans e syans sosyal ke pitit mwen kapab li atravè lekti?

Ki kote pitit mwen gen pwoblèm e kijan mwen kapab ede l?

Ki tip liv pitit mwen ap li pandan lekti endepandan an?
Eske yo limite pou yon nivo lekti espesifik?
Eske m kapab wè yon egzanp sou tip tèks pitit mwen ap li nan fason indepanndan?

Eske pitit mwen montre o uke yo konprann say o ap li e aprann atravè desen, pale e ekriti? Si non, avèk ki defi y ap fè fas?

MO EDIKATIF (AKADEMIK) POU APRANN

OTOMATISITE: Lè ou ap li, se abilite pou ou kapab li mo avèk rapidite e presizyon.

KONESANS SOU KONTÈKS (KONESANS OPARAVAN): Enfòmasyon ki enpòtan pou konprann yon sitiyasyon oswa yon pwoblèm; sa ou deja konnen dapre eksperyans ou te fè.

IDE SANTRAL: Sou kisa tèks la pale plis e konekte ide yo jwenn yo nan pandan tèks la.

REKLAMASYON: Pou di yon bagay vrè oswa li se fè, menmsi ou pa kapab verifeye li epi lòm mo9un pa kapab kwè li.

ENDIS SOU KONTÈKS: Endis sou kontèks se apèsi ke yon otè bay pou ede defini yon mo difisil oswa ra nan yon liv. Endis la kapab parèt nan menm fraz avèk mo a oswa li kapab swiv nan pwochen fraz la. Paske se nan lekti yo akeri pi fò vokabilè, li enpòtan pou elèv kapab rekonèt e pwofite endis sou kontèks **DECODING:** Translating a word from print to speech by using knowledge of letter-sound relationships; also, the act of reading a new word by sounding it out.

ENSTRIKSYON EKSP LISIT: Enstriksyon entèaktif ke pwofesè/paran dirije; ki dirèk e ki enkli yon eksplikasyon klè sou konpetans yo sible a.

LANGAJ FIGURE: Lè yo itilize yon mo oswa fraz ki pa genyen siyifikasyon literal òdinèman nòmal.

FASILITE: Yo defini fasilite kòm abilite pou li avèk rapidite, presizyon, e ekspresyon pwòp.

MO MILTI-SILAB: Yon silab se yon inite nan pwononsyasyon ki genyen yon son vwayèl oswa (a, e, i, o, u), avèk mo konsòn ki asosye avèk li (pa egzanp, m, n, s, t) ki fòme yon mo oswa yon pati nan yon mo. Yon mo milti-silab se yon mo ki genyen plizyè silab (pa egzanp, genyen de silab nan “water” e twa silab nan “inferno”).

NARASYON: Yon istwa yo rakonte avèk tout detay.

FONIK: Ansenye elèv kijan pou konekte son lèt oswa gwoup lèt yon fason pou yo kapab li mo.

KONPLO: Fason yon otè aranje evènman, nan yon fason siyifikatif, pou fòme istwa a.

NIVO LEKTI: Nivo lekti endepandan ki se pi wo nivo kote yon lektè genyen ase konesans sou kontèks pou sijè a e li kapab li tèks la byen rapid san li pa fè twòp erè.

REZIME: Pou ekspri oswa kouvri pwen fondamantal avèk rapidite.

ENSTRIKSYON SISTEMATIK: Yon sekans enstriksyon ki byen egzamine e planifye.

KARAKTERISTIK TÈKS: Pati nan yon istwa oswa yon atik ki pa kò prensipal tèks la; sa enkli tit, antèt lejann, graf, kat jewografik, glosè, epi/oswa ilistrasyon.

SOUS VALID: Yon sous ki vrèman an respekte enfòmasyon ki prezante.

